# Xalıqqa kórsetilip atırǵan medicinalıq járdemniń sapasın bunnan bılay da jaqsılaw ilajları haqqında

Image not found or type unknown

**Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń qararı**

2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes tiykarǵı baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyasın «Jaslardı qollap-quwatlaw hám xalıqtıń salamatlıǵın bekkemlew jılı»nda ámelge asırıwǵa baylanıslı Mámleketlik baǵdarlamaǵa muwapıq qánigelestirilgen medicinalıq xızmetti xalıqqa jaqınlastırıw, qıstawlı medicinalıq járdemdi óz waqtında kórsetiw esabınan puqaralardıń ómirin saqlap qalıw jáne olardıń belsendi miynetke jaramlılıǵın tiklewge imkaniyat jaratıw, balalar, tuwıw jasındaǵı, hámiledar hám bala emizetuǵın hayallardı profilaktikalıq arnawlı preparatlar menen biypul támiyinlew hám nefrologiya hám gemodializ járdemin kórsetiw sistemasın jáne de jaqsılaw maqsetinde:

1.2021-2022-jıllar dawamında rayon (qala)lıq medicinalıq birlespelerdiń quramında 35 Rayonlararalıq qospa jaraqatlanıwlar hám ótkir qan-tamır kesellikler orayları (keyingi orınlarda – Oraylar) 1-qosımshaǵa muwapıq basqıshpa-basqısh shólkemlestirilsin.

2.Tómendegiler Oraylardıń tiykarǵı wazıypaları etip belgilensin:

«altın saat» principi tiykarında qospa jaraqatlanıwlar hám ótkir qan-tamır kesellikleri menen medicinalıq járdemge mútáj nawqaslarǵa qıstawlı hám qánigelestirilgen medicinalıq járdem kórsetiwdi shólkemlestiriw;

ótkir hám juqpalı búyrek jetispewshiligi bar nawqaslarǵa gemodializ xızmetin kórsetiw;

Oraylarǵa biriktirilgen rayon (qala)lardıń xalqına Densawlıqtı saqlaw ministrligi tárepinen tastıyıqlanǵan tártipte medicinalıq xızmet kórsetiw.

3.Oraylarǵa:

aymaqlardaǵı xalıqtıń sanınan kelip shıqqan halda, qıstawlı medicinalıq járdem hám

ulıwma xirurgiyalıq bólimlerdiń ulıwma orınlarınıń sanı sheńberinde 50 den 60 qa shekem orınlar ajıratılatuǵını;

aymaqlıq densawlıqtı saqlaw mákemeleriniń shtat birlikleri sheńberinde qosımsha neyroxirurg, nevrolog, kardiolog, anestiziolog-reanimatolog hám basqa da shtatlardıń kirgiziletuǵını;

rayon (qala)lıq medicinalıq birlespelerdiń jumısın qarjılandırıw boyınsha nızamshılıq hújjetlerinde belgilengen qaǵıydalar engiziletuǵını.

Oraylardı qarjılandırıw Ózbekstan Respublikasınıń respublikalıq byudjeti, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń respublikalıq byudjeti, wálayatlardıń jergilikli byudjetleri esabınan ámelge asırılatuǵını belgilensin.

4.Rayonlararalıq qospa jaraqatlanıwlar hám ótkir qan-tamır kesellikleri orayların shólkemlestiriw ilajlarınıń rejesi 2-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

5.Densawlıqtı saqlaw ministrligi (U.Sobirov) Qarjı ministrligi (J.Abruev) menen birgelikte Oraylardıń shólkemlestiriliwi múnásibeti menen talap etiletuǵın qosımsha shtat birlikleri hám olarǵa zárúr bolǵan qarjılardıń ajıratılıwın támiyinlesin.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi hám wálayatlardıń hákimlikleri Densawlıqtı saqlaw ministrligi menen birgelikte Oraylardı maman kadrlar menen támiyinlew, olardıń jumısın jolǵa qoyıwǵa baylanıslı finanslıq, materiallıq-texnikalıq hám basqa da shólkemlestiriwshilik máselelerdi óz waqtında sheshiw ilajların kórsin.

6.Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 10-noyabrdegi «Xalıqtıń salamat awqatlanıwın támiyinlew boyınsha qosımsha ilajlar haqqında»ǵı PQ-4887-sanlı qararına muwapıq:

6-23 aylıq balalar ushın úy sharayatında tayarlanǵan awqatlardı bayıtıw maqsetinde mikronutrient untaǵı menen;

6 aylıqtan 5 jasqa shekem bolǵan balalardı «A» vitamini menen;

2-10 jasar balalardı gelmintoz profilaktikası boyınsha arnawlı preparatlar menen;

hámiledar hám bala emizetuǵın hayallar hám 3-15 jasar balalardı yod preparatı menen;

35 jasqa shekemgi tuwıw jasındaǵı hayal-qızlardı temir hám foliy kislotası preparatı menen biypul támiyinlew názerde tutılǵanı maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

2021-2023-jıllarda balalar, tuwıw jasındaǵı, hámiledar hám bala emizetuǵın hayallardı profilaktikalıq arnawlı preparatlar menen biypul támiyinlew ilajlarınıń baǵdarlaması 3-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

7.Tómendegilerdi názerde tutatuǵın Xalıqqa kórsetilip atırǵan nefrologiya hám gemodializ járdemin bunnan bılay da jetilistiriw ilajlarınıń rejesi 4-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın:

aymaqlardıń ulıwmalıq orınlar fondı esabınan nefrologiya hám gemodializ bólimlerin 50 orınǵa shekem jetkeriw;

dializ apparatları hám jumsalatuǵın qurallardı satıp alıw;

2021/2022-oqıw jılınan baslap joqarı medicinalıq bilimlendiriw mákemelerinde nefrologiya hám gemodializ kafedralarınıń jumısın jolǵa qoyıw;

Respublikalıq qánigelestirilgen nefrologiya hám búyrek transplantaciyası ilimiy-ámeliy medicinalıq orayınıń imaratların qurıw hám rekonstrukciyalaw.

8.Densawlıqtı saqlaw ministrligi:

on kún múddette balalar, tuwıw jasındaǵı, hámiledar hám bala emizetuǵın hayallardıń profilaktikalıq arnawlı preparatlarǵa bolǵan talabın anıqlaw hám usı preparatlardı bólistiriw jáne jetkeriw tártibin tastıyıqlasın;

mápdar ministrlikler hám uyımlar menen birgelikte bir ay múddette nızamshılıq hújjetlerine usı qarardan kelip shıǵatuǵın ózgerisler hám qosımshalar haqqında Ministrler Kabinetine usınıslar kirgizsin.

9.Usı qararda názerde tutılǵan ilajlardı ámelge asırıw boyınsha:

densawlıqtı saqlaw ministri A.M.Xadjibaevqa – usı qarardıń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriw ushın;

densawlıqtı saqlaw ministriniń orınbasarları A.Sh.Inoyatovqa gemodializ xızmetin joqarı dárejede kórsetiw, U.Yu.Sobirovqa Oraylardıń jumısın nátiyjeli shólkemlestiriw, E.I.Basitxanovaǵa balalar, tuwıw jasındaǵı, hámiledar hám bala emizetuǵın hayallardı profilaktikalıq arnawlı preparatlar menen támiyinlew ushın;

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı, wálayatlar hám Tashkent qalasınıń hákimlerine usı qararda belgilengen ilajlardıń aymaqlarda sapalı orınlanıwı

ushın jeke juwapkershilik júklensin.

Qarardıń óz waqtında hám nátiyjeli orınlanıwın qadaǵalaw Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarı B.A.Musaevqa hám Ózbekstan Respublikası Prezidenti keńesgóyiniń birinshi orınbasarı L.N.Twychievqa júklensin.

Ámelge asırılıp atırǵan ilajlardıń nátiyjeliligi boyınsha 2022-jıl 1-yanvarǵa shekem Ózbekstan Respublikası Prezidentine málimleme berilsin.

Ózbekstan Respublikası

Prezidenti Sh.MIRZIYoEV.

Tashkent qalası,

2021-jıl 26-iyul